


# Akò Sipò pou Timoun

## Asept kondisyon ki nan òdonans sipò timoun ou anvan ou ale nan Tribinal Fanmi an

### Yon Akò Sipò pou Timoun pèmèt ou:

- Jwenn yon òdonans tribinal fòmèl nan **mwens prezans nan Tribinal Fanmi**, nan pifò ka yo.
- **Diskite ak konprann** kalkil ki detèmine kantite lòd tribinal la.
- **Poze kesyon epi jwenn repons** sou sipò timoun nan men reprezantan Sèvis Kliyantèl Sipò Timoun ki gen anpil fòmasyon.
- **Defini epi negosye kondisyon akò a** san w pa nan menm chanm ak lòt paran an si sa pi bon pou fanmi an.

### Kat etap pwosesis



### Poukisa nou pa ale tou dwat nan tribinal la?

Nan Office of Child Support Services, nou konprann ke jwenn yon òdonans sipò timoun gen defi li. OCSS vle ofri paran yo yon anviwònman kalm epi favorab. Lè tou de paran yo sou menm paj la, rezilta yo pi bon pou tout moun, sitou pou pitit ou yo. Pou plis enfòmasyon sou sipò timoun, vizite [nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss).

### Pwochen etap yo

Chèche konnen si yon akò se bon chemen an pou ou. Voye yon imèl ba nou nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) epi mete non konplè w ak nimwo idantite ka sipò timoun ou oswa dat nesans si w deja gen yon ka sipò timoun. Tanpri tou bay pi bon moman pou kontakte ou.

Pou lòt fason pou kontakte nou, gade <https://on.nyc.gov/contactocss>.